



Direktiv Alavans

Fè yo Konnen ak Onore Volonte ou

Chè Rezidan New York Yo,

Planifikasyon swen lè ou prêt pou mouri se yon pwoblèm konplèks. Malgre li difisil pou pale sou faz final lavi w, li kapab yon gwo kado pou fanmi nou ak pwòch nou yo pou prepare yo davans pou desizyon ki pafwa difisil ak boulvèsan yo dwe pran.

Pou moun ki vle planifye davans, lwa New York la ka ede. Alafen, desizyon w pou aksepte oswa refize tretman medikal ki vrèman depann de volonte pèsonèl ou, valè, ak kwayans ou. Gid sa a eksplike dwa ou genyen pou w chwazi tretman medikal epi li dekri mezi ou ka pran dapre lwa eta a pou ede asire yo konnen epi respekte desizyon sou swen sante pèsonèl ou yo si ou pa kapab pale pou tèt ou.

Prepare kèk fòm legal senp yo rekonèt kòm direktiv alavans ka ede asire yo respekte volonte ou epi pou desizyon swen sante ou yo rete nan men moun ou fè konfyans. Gid sa a gen ladan I enfòmasyon sou fòm direktiv alavans ak konsèy sou fason pou itilize yo.

Nou espere ou twouve gid sa a itil.

Sensèman,

Letitia James



Attorney General of New York

Letitia James

Sa ki nan Dokiman sa a

Kondisyon pou w Konnen	1
Pou Kòmanse	3
Kijan pou w Chwazi	4
Yon Pwokirasyon Swen Sante	5
Yon Testaman Lavi.....	8
Diferans.....	10
Lòd pou pa Reyanime (Do Not Resuscitate Orders, DNR).....	10
Fòm Tretman ki Sipòte Lavi (MOLST).....	12
Fè yo Konnen Direktiv yo	12
Pwokirasyon Swen Sante ak Testaman Lavi.....	12
Lòd DNR	13
Si W Pa Gen yon Direktiv Alavans	13
Deziyasyon yon Ranplasan.....	14
Pwokirasyon Swen Sante kont. Ranplasan an	16
Anile Direktiv Alavans yo	17
Anilasyon DNR ou a	17
Pwoblèm Espesyal	18
Kijan yo Detèmine Andikap.....	18
Jesyon Doulè	18
Swen Ospis	19
Swen Palyatif:	20
Dwa Pou Yo Enfòme Ou	20
Donasyon Ògàn	21
Pwokirasyon.....	21
Konklizyon: Pwen Ou Dwe Sonje.....	22

Planifikasyon swen alavans ba ou opòtinite pou planifye pou swen medikal pi devan nan ka ou pa kapab pran pwòp desizyon ou. Li ka gen ladan preparasyon youn oswa plizyè fòm legal senp — yon Pwokirasyon Swen Sante, pa egzanp — ki ka ede asire yo swiv desizyon sou swen sante ou yo epi se moun ou fè konfyans ki pran desizyon yo . Sitou, planifikasyon swen alavans lan kòmanse

lè w ap panse ak sa ki ka rive pou swen sante pi devan epi gen konvèsasyon ak fanmi ak zanmi sou volonte ou.

Li patikilyèman enpòtan pou w konsidere oswa rekonsidere chwa swen sante w yo si:

- Yo te fè dyagnostik ou gen yon maladi tèminal;
- Yo te fè dyagnostik ou gen yon maladi oswa yon pwoblèm ki ta ka lakòz andikap;
- W ap antre nan yon etablisman ki asiste lavi oswa yon mezon retrèt;
- Yo te resevwa w nan lopital la epi ou gen plis pase 65 lane.

Panse ak maladi grav oswa tèminal epi pale sou volonte ou kapab difisil. Se poutèt sa li enpòtan pou yo enfòme w sou mezi ou ka vle pran. Bwochi sa a pale sou kèk nan opsyon legal ki pi komen ki disponib

pou Nouyòkè yo epi yo ka ede w konprann opsyon sa yo ak fason pou w pale ak fanmi w ak zanmi w sou yo. An n kòmanse ak kèk definisyon. Yo pral diskite sou chak tèm ki nan lis ki la a ak plis detay nan paj ki annapre yo.

Kondisyon pou Konnen

Direktiv Alavans yo se yon dokiman legal kote ou ka pran dispozisyon pou desizyon sou swen sante pi devan nan ka ou pa kapab pran desizyon sa yo poukont ou. Nan Eta New York la gen twa (3) kalite:

Fòm Pwokirasyon Swen Sante, Testaman Lavi, ak Lòd Pou Pa Reyanime (Do Not Resuscitate Order, DNR). CPR oswa reyanimasyon kadyopilmonè se yon pwosedi dijans pou fè kè a ak poumon an rekòmanse travay w lè w konprese pwatrin ki kouvri kè w epi fòse lè antre nan poumon yo. Lòt Pwosedi pou sove lavi yo gen ladan vantilasyon mekanik oswa respiratè ak medikaman ou pran nan venn pou kontwole tansyon ak rit kadyak.

Lòd Pou Pa Reyanime (Do Not Resuscitate Orders, DNR) se yon òdonans medikal yon doktè ekri. Li bay pwofesyonèl swen sante yo enstriksyon pou yo pa fè reyanimasyon kadyopilmonè (cardiopulmonary resuscitation, CPR) oswa lòt pwosedi dijans pou sove lavi si batman kè w oswa respire w kanpe. Yo fè aranjman yon DNR ak doktè w la oswa pwofesyonèl swen sante w la anvan yon ijans rive.

Fòm Pwokirasyon Swen Sante pèmèt ou nonmen yon ajan swen sante — yon moun ou fè konfyans pou pran desizyon swen sante pou ou si w pa kapab pran desizyon pou tèt ou. Pou pwokirasyon swen sante a vin an vigè, de (2) doktè dwe deside ou pa kapab pran pwòp desizyon ou.

Testaman Lavi pèmèt ou kite enstriksyon alekri ki eksplike volonte w nan sa ki gen pou wè ak swen sante, espesyalman konsènan swen lè ou prêt pou mouri. Dokiman sa a vin an vigè lè ou pa kapab pran pwòp desizyon ou, epi doktè ou konfime ou gen yon pwoblèm ki pa ka geri. Ou pa kapab itilize yon Testaman Lavi pou nonmen yon ajan swen sante; ou dwe itilize yon fòm Pwokirasyon Swen Sante.

Fè Konnen Volonte Ou Aklè

Deklarasyon tanporè ou ka fè fanmi ou, tankou "Pa kenbe m vivan sou machin," "Pa Dwe Gen Zak Ewoyik," oswa "Asire w mwen pa gen doulè" ka pa espesifik ase pou yo fè retrè sou pwosedi yo.

Fòm MOLST: Òdonans Medikal pou Tretman ki Sipòte Lavi pèmèt doktè yo anrejistre preferans ou konsènan reyanimasyon kadyopilmonè (cardiopulmonary resuscitation, CPR), entèvansyon mekanik, ak lòt tretman ki sipòte lavi sou yon sèl fòm kòm yon òdonans doktè. Pou li valab, Se yon pwofesyonèl swen sante ki dwe ranpli li epi se yon doktè ki gen lisans Eta New York ki dwe siyen li.

Pwokirasyon pèmèt ou, Prensipal la, nonmen yon Ajan pou aji pou ou imedyatman aprè egzekite li oswa lè yon evènman ou te idantifye pi devan rive epi ki dire jiska ou anile li oswa lè ou mouri; pouvwa sa a kontinye lè w gen andikap mantal oswa fizik.

Swen Palyatif se yon apwòch miltidisiplinè nan swen medikal espesyalize pou moun ki gen maladi ki limite lavi yo, ki konsantre sou bay moun soulajman ak sentòm, doulè, estrès fizik, ak estrès mantal nan dyagnostik tèminal la.

Ranplasan an se yon moun ki pwòch ou, jan lwa eta Nouyòk la defini l, ki ka pran desizyon pou ou si ou pèdi kapasite pou pran desizyon konsènan tretman medikal ou, epi ou pa t nonmen yon ajan swen sante.

Pou Kòmanse

Lwa New York la ba ou dwa pou aksepte oswa rejte tretman medikal, ki gen ladan pwosedi ki pwolonje lavi, tankou respirasyon mekanik ak tib oswa manje nan sewòm.¹

Toutotan ou kapab fè sa, ou ka pale dirèkteman ak doktè w la ak manm fanmi ou epi fè yo konnen ki swen ou ka vle oswa ou ka pa vle. Men, e si ou pa kapab, si ou nan yon koma, pa egzanp, sèl fason pou asire w yo konnen epi onore volonte ou se planifye pou planifye pou swen medikal pi devan.

Premye etap nan planifikasyon swen nan fen lavi w la se reflechi sou ki kalite swen ou ka vle, ki koresponn avèk valè ak kwayans ou. Diskite sou volonte w avèk doktè w la, fanmi w ak pwòch ou yo.

Sa a se pa yon sijè ki fasil pou debat men li pral ede fanmi ou ak pwòch ou yo konnen ki kalite tretman ou vle.

Kesyon sa yo ka ede w idantifye ki kalite tretman ou ka vle oswa ou ka pa vle si ou pa kapab deside pou tèt ou ankò.

- 1.** Èske ou t ap vle pou doktè w la kanpe oswa retire tretman medikal, si tretman medikal sa a ap sèlman pwolonje lanmò a?
- 2.** Èske ou ta vle pou reyanimasyon kadyopilmonè a (cardiopulmonary resuscitation, CPR) retabli
- 3.** Èske ou ta vle pou kontinye respirasyon mekanik, sa vle di sèvi ak machin pou
- 4.** Èske ou ta vle pou yo ba w manje nan tib oswa nan sewòm ak dlo?
- 5.** Èske ou ta vle soulajman maksimòm kont doulè menm si li ka lakòz ou mouri pi rapid?
- 6.** Èske ou ta vle bay ògàn ou ak/oswa tisi ou yo?

Reflechi sou swen ou vle resevwa nan sitiyasyon patikilye epi pale ak doktè w la epi pwòch ou yo sou volonte w nan sa ki gen pou ak wè ak swen sante se yon etap enpòtan. Ekri volonte sa yo pi efikas pou asire tout moun ki enplike yo gen yon opinyon klè ak fyab sou detay yo. Nonmen yon moun pou deside sou zafè swen sante pou ou ka yon fason efikas pou abòde sitiyasyon ou ka pa kapab prevwa. Direktiv alavans yo diskite pi wo a bay veyikil pou planifikasyon swen alavans pou ou ka fè konnen volonte w epi pou w deside sa ki pi bon pou ou.

Kijan pou W Chwazi Direktiv Alavans Ou yo

Kijan w fè pou w chwazi ki Direktiv Alavans ki ka pi bon pou ou?

Men kèk kesyon ak repons ki ka ede w:

K. Si w nan yon koma oswa yon eta dejenere oswa andikap, èske w ta vle yon moun ou fè konfyans pran desizyon medikal pou ou?

Si repons lan se wi, anvizaje yon Pwokirasyon Swen Sante liè ou nonmen yon moun ou fè konfyans kòm Ajan Swen Sante ou pou pale ak deside pou ou liè ou pa kapab fè sa. (Gade pi ba a.)

Si repons lan se non paske ou pa gen okenn moun ou fè konfyans pou aji kòm Ajan Swen Sante ou, anvizaje fè yon Testaman Lavi pou enstriksyon medikal ou yo ka klè epi lizib pou moun k ap ba w swen yo liè ou pa kapab kominike volonte ou.

K. Menmsi ou vle yon moun ou fè konfyans pran desizyon medikal, èske ou toujou gen anpil opinyon sou sitiyasyon espesifik yo?

Si wi, ou dwe anvizaje fè konbinezon yon Pwokirasyon Swen Sante avèk yon Testaman Lavi pou moun ou nonmen ki pou aji nan non w lan kapab konte sou enstriksyon alekri w yo pou

pran desizyon pou ou tou. Si se non, apresa kapab se senpleman yon Pwokirasyon Swen Sante k ap satisfè bezwen ou yo

Yon Pwokirasyon Swen Sante

Ou ka ranpli yon fòm Pwokirasyon Swen Sante si ou gen 18 lane oswa plis. Yon fòm Pwokirasyon Swen Sante, ki tabli selon lwa New York la, pèmèt ou nonmen yon moun ou fè konfyans—yon Ajan Swen Sante—pou pran desizyon sou zafè swen sante pou ou si ou pa kapab fè sa ankò.² Ou kapab di ou ajan w lan volonte w yo nan bouch oswa alekri. Lwa New York la egzije lopital ak mezon retrèt yo pou yo ba w fòm Pwokirasyon Swen Sante a ak enfòmasyon sou kreye yon pwokirasyon.

Anba a gen kèk bagay ou dwe anvizaje alekri epi siyen fòm Pwokirasyon Swen Sante w la.

Etap 1: Konprann Otorite Ajan Swen Sante w la

Dapre lwa Pwokirasyon Swen Sante New York la, otorite ajan w lan pou l pran desizyon sou swen sante kòmanse lè doktè w la detèmine ou pèdi kapasite pou pran desizyon pou tèt ou. Pou pran yon desizyon pou retire oswa anpeche tretman ki sipòte lavi a, yon dezyèm doktè dwe konfime desizyon doktè w la.

Ou gendwa bay ajan swen sante w la yon ti otorite oswa otan otorite ou vle. Sa vle di, ou ka pèmèt ajan w lan pran tout desizyon sou zafè swen sante pou ou oswa sèlman kèk desizyon.

Dapre lwa Pwokirasyon Swen Sante New York la, otorite ajan w lan pou l pran desizyon sou swen sante kòmanse lè doktè w la detèmine ou pèdi kapasite pou pran desizyon pou tèt ou. Pou pran yon desizyon pou retire oswa anpeche tretman ki sipòte lavi a, yon dezyèm doktè dwe konfime desizyon doktè w la.

Ou gendwa bay ajan swen sante w la yon ti otorite oswa otan otorite ou vle. Sa vle di, ou ka pèmèt ajan w lan pran tout desizyon sou zafè swen sante pou ou oswa sèlman kèk desizyon.

Dwa ak Obligasyon yon Ajan Swen Sante Dapre Lwa Pwokirasyon Swen Sante New York la:

Ajan Swen Sante w la ka pran desizyon ki gen rapò ak nitrisyon ak idratasyon atifisyèl (pa egzant, sèvi ak yon tib pou ba ou manje ak dlo). Ou gendwa swa di ajan w lan volonte w oswa ekri volonte w espesyalman nan fòm Pwokirasyon Swen Sante w la.

Ajan w lan ap gen otorite pou deside si batman kè ou dwe redemare atravè reyanimasyon kadyopilmonè (cardiopulmonary resuscitation, CPR) sof si ou ekri nan fòm Pwokirasyon Swen Sante w la ajan w lan pa kapab pran desizyon sa a pou ou.

Depi otorite ajan w lan kòmanse, li gen dwa pou l jwenn enfòmasyon ak dosye medikal ou pou l pran desizyon sou zafè swen sante pou ou.

Desizyon ajan w la final sof si yon manm fanmi oswa yon etablisman ki fè objeksyon jwenn yon òdonans tribinal ki anile desizyon an oswa ki diskalifye ajan an.

Ajan w lan pa responsab finansyèman pou depans swen ou yo.

An jeneral, ajan w lan oblige pran desizyon swen sante pou ou selon volonte ou, kwayans reliye ak moral ou, epi nan enterè ou.

Èske ajan swen sante mwen an dwe rete nan menm vil ak mwen?

Menmsi lalwa pa mande w pou w nonmen yon ajan k ap viv nan menm vil oswa eta ak ou, li bon pou w chwazi yon moun ki abite tou pre w. Si w gen yon maladi ki nan faz tèminal, pa egzant, epi w pa kapab pran desizyon pou tèt ou, ajan w la gendwa oblige pase semèn oswa menm mwa tou pre w pou asire l yo suiv volonte w sou zafè swen sante.

Etap 2: Chwazi yon Ajan Swen Sante

Chwazi yon ajan swen sante se yon desizyon ki trè enpòtan. Anjeneral, ou gen dwa nonmen nenpòt granmoun ki konpetan (18 lane oswa plis) kòm ajan swen sante ou. Ajan w lan ka mari oswa madamm ou oswa patnè w, yon timoun ki majè, yon fanmi, yon zanmi pwòch oswa yon avoka. Chwazi yon moun ou fè konfyans—ak yon moun ou santi w gen konfyans pou diskite ak li sou volonte w pou zafè swen medikal. Ajan w lan pa bezwen dakò ak tout volonte ou, men li dwe kapab egzekite yo, kèlkeswa santiman pèsonèl li. Epi, byensi, li toujou se yon bon pratik pou asire w moun ou nonmen kòm ajan w lan konfòtab pou sèvi kòm ajan ou.

Dapre lwa sou Pwokirasyon Swen Sante New York la, ou ka nonmen nenpòt granmoun ki konpetan kòm Ajan Swen Sante ou eksepte:

- Ou pa kapab nonmen doktè w kòm ajan swen sante w sof si doktè w la se mari oswa madamm ou oswa fanmi w.
- Ou pa kapab nonmen yon operatè, administratè, oswa anplwaye nan lopital la oswa mezon retrèt kote yo resevwa w la sof si yo se yon fanmi oswa ou nonmen yo anvan yo te resevwa ou.

Etap 3: Nonmen yon Lòt Ajan Swen Sante kòm Ajan Ranplasman w

Fòm Pwokirasyon Swen Sante a ba ou opsyon pou nonmen yon lòt ajan. Lòt ajan w lan ka ranplase premye chwa w la sèlman si:

- Ou presize sikostans kote ou ta renmen lòt ajan w lan ranplase premye ajan w lan. Pa egzanp, si w vle ranplasan w lan sèvi si tout fwa premye chwa ajan ou te fè a deplase kite eta a, kidonk di sa nan Pwokirasyon Swen Sante w la.
- Doktè w la fè konnen alekri premye chwa w kòm ajan swen sante pa disponib, pa vle oswa li pa kapab aji lè sa nesesè.
- Yon tribinal diskalifye ajan w lan.

Etap 4: Siyen Fòm Pwokirasyon Swen Sante w la

De (2) temwen dwe gade ou k ap siyen fòm Pwokirasyon Swen Sante w la epi di ou te sanble vle siyen ak pwòp volonte ou. Ni ajan w lan ni lòt ajan ranplasan w la pa ka sèvi kòm temwen. Ou pa bezwen fè yon notè sètifye fòm nan.

Fòm Pwokirasyon Swen Sante estanda ki apwouve selon lwa New York la gen seksyon ki dwe ranpli pou pwokirasyon w la ka valab. Fòm nan gen seksyon “pa obligatwa” ou ka chwazi oswa ou ka pa chwazi ranpli tou.

Asire w fòm Pwokirasyon Swen Sante w la satisfè kondisyon minimòm yo.

Egzijans Minimòm Eta a pou yon Fòm Pwokirasyon Swen Sante ki Valab

- Non w kòm Prensipal, ki kreye pwokirasyon an.
- Non ajan swen sante w la.
- Deklarasyon w la ki di ou otorize ajan an gen otorite pou pran desizyon sou afè swen sante sou non ou.
- Ou dwe siyen ak mete dat sou siyati w ak temwen ki prezan yo. Si w pa kapab siyen pwokirasyon w lan, yon lòt granmoun ka siyen pou ou si w mande l sa.
- Yon tribinal diskalifye ajan w lan.
- De (2) temwen dwe siyen ak mete dat sou siyati yo, epi deklare ou (Prensipal) te parèt pou egzekite pwokirasyon an ak pwòp volonte ou. Ni ajan w lan ni lòt ajan ranplasan w la pa ka sèvi kòm temwen.

“

Yon Testaman Lavi pèmèt ou kite enstriksyon alekri ki eksplike volonte w nan sa ki gen pou wè ak swen sante, espesyalman konsènan swen lè ou prèt pou

Seksyon Ki Pa Obligatwa pou yon Fòm Pwokirasyon Swen Sante

- Deklarasyon volonte ou sou zafè tretman oswa limit sou otorite ajan an. Pa egzanp, ou ka vle deklare ou te di ajan w lan volonte ou sou nitrisyon atifisyèl ak idratasyon (manje ak dlo).
- Nonmen yon lòt ajan.
- Deklarasyon volonte w konsènan don ògàn ak/oswa tisi.
- Dat ekspirasyon si genyen, Pwokirasyon Swen Sante ou, oswa yon deskripsyon sou sikonstans ki deklanche ekspirasyon an.

Yon Testaman Lavi

Pandan New York pa gen yon lwa ki dirije Testaman Lavi yo, Tribunal Apèl la, pi wo tribunal New York la, te deklare Testaman Lavi yo valab toutotan yo bay prèv “klè ak konvenkan” sou volonte w.4 Si w gen 18 lane oswa plis, ou ka eksprime volonte w alekri sou swen sante w lè w siyen yon Testaman Lavi.

Anba a gen kèk bagay ou dwe anvizaje nan planifikasyon epi siyati Testaman Lavi w la.

There is no standard Living Will form.

**You may download a Living Will form at no charge at
caringinfo.org**

Etap 1: Konprann Otorite Testaman Lavi w la

Yon Testaman Lavi se yon deklarasyon alekri sou volonte w pou zafè swen sante. Nan Testament Lavi w la, ou ka kite enstriksyon espesifik sou tretman medikal ou ka vle oswa ou ka pa vle, lè ou pa kapab deside pou tèt ou ankò. Yon Testaman Lavi sèvi kòm prèv volonte ou.

Etap 2: Ekri Testaman Lavi ou

- Ou ka sèvi ak yon Testaman Lavi pou ekri volonte w sou zafè swen lè w prèt pou mouri. Ou ka dekri sitiayson medikal kote ou ta ka aksepte oswa refize tretman medikal. Ou ka presize kalite tretman ou ka vle oswa ou ka pa vle.
- Pa egzanp, si w ta renmen rete an vi ak yon tib pou ba w manje oswa nan sewòm si w gen yon maladi ki nan faz tèminal oswa nan koma epi pa gen okenn espwa w ap geri.
- Ou ka vle konsilte yon avoka si ou vle abòde pwoblèm yo pa kouvri nan fòm ki vini ak gid sa a—tankou si ou vle tretman medikal tankou CPR, transfizyon san ak dyaliz, oswa si ou vle pou yo kenbe w vivan sou machin pou yon ti tan si sa nesesè pou w ka yon donatè ògàn. Yon Testaman Lavi ki adapte ka ede klarifye objeksyon w genyen sou tretman medikal ou pa vle.
- Si w gen kesyon, diskite sou yo ak doktè w la, yon reprezantan pasyan nan yon lopital, oswa yon avoka.

Etap 3: Siyen Testaman Lavi ou

ILi pi bon pou fè de (2) temwen gade ou k ap siyen Testaman Lavi ou, epi siyen yon deklarasyon sou fòm ou te sanble siyen ak pwòp volonte ou. Si sa posib, ou dwe fè yon notè sètifye siyen fòm nan, pou yo ka rekonèt li nan eta ki mande papye notarye. Kèlkeswa fòm Testaman Lavi ou chwazi itilize, asire w ou ranpli kondisyon minimòm pou yon Testaman Lavi:

- Non w kòm moun k ap kreye Testaman Lavi a;
- Dat ou kreye testaman vivan ou;
- Deklarasyon ou konsènan volonte pèsònèl ou sou zafè swen sante;
- Siyati ou,
- De (2) siyati ak dat temwen yo, ak deklarasyon temwen yo pou di ou te parèt pou siyen dokiman an ak pwòp volonte ou.

Diferans ant yon Testaman Lavi ak yon Pwokirasyon Swen Sante

Malgre ni yon Pwokirasyon Swen Sante ni yon Testman Lavi se Direktiv Alavans, yo pa menm bagay.

Testaman Lavi

Yon Testaman Lavi se yon dokiman ki gen volonte w sou zafè swen sante epi ki adrese fanmi, zanmi, lopital ak lòt etablisman swen sante san non. Ou ka sèvi ak yon Testaman Lavi pou presize volonte w konsènan pwoedi ki pwolonje lavi yo ak lòt swen lè w prêt pou mouri pou moun k ap pran swen w yo ka li enstriksyon espesifik w yo lè w pa kapab kominike volonte w

kont

Pwokirasyon Swen Sante

Yon Pwokirasyon Swen Sante se yon dokiman ki pèmèt ou nonmen yon lòt moun (yo) kòm ajan swen sante ou pou pran desizyon sou zafè swen sante pou ou si ou pa kapab fè sa ankò. Ou ka bay

ajan swen sante w la otorite pou pran desizyon pou ou nan tout sitiyasyon medikal si ou pa kapab pale pou tèt ou. Kidonk, menm nan sitiyasyon medikal ou pa prevwa, ajan w lan ka pran desizyon epi asire yo trete w dapre volonte w, valè ak kwayans ou.

K. Èske mwen ka chwazi siyen ni yon Testaman Lavi ni yon Pwokirasyon Swen Sante?

Wi. Ou gen dwa pou kreye ni yon Testaman Lavi ni yon Pwokirasyon Swen Sante pou w kite enstriksyon medikal espesifik alekri epi nonmen yon ajan swen sante pou egzekite yo. Ajan swen sante w la ka apiye sou enstriksyon ou yo kòm gid pou pran desizyon ki reflete volonte ou.

Lòd pou pa Reyanime (Do Not Resuscitate Orders, DNR)

Dapre Iwa New York la, yon Lòd DNR se yon òdonans alekri ki soti nan men doktè ki bay pwofesyonèl medikal yo enstriksyon pou yo pa fè reyanimasyon kadyopilmonè (cardiopulmonary resuscitation, CPR) pou fè kè w oswa poumon w rekòmanse fonksyone ankò lè batman kè w oswa respirasyon w kanpe.⁵ Sa vle di doktè yo, enfimyè oswa pèsònèl dijans yo (sa vle di paramedik yo) p ap kòmanse pwosedi ijans tankou reyanimasyon bouch-a-bouch, konpresyon ekstèn nan pwatrin, chòk elektrik, voye yon tib nan kò w pou louvri vwa respiratwa ou, oswa enjekte medikaman nan kè w oswa nan pwatrin ki ouvè w la. Ou ka fè konnen volonte DNR lè w Lopital nan pwokirasyon swen sante w la, nan testaman lavi ou oswa yon fòm MOLST apwouve.

Nan New York, nenpòt granmoun ki gen 18 lane oswa plis ka jwenn yon Lòd DNR lè I nan Lopital oswa lè I pa nan Lopital. Yo bay yon Lòd DNR lè w nan Lopital si w nan yon etablisman swen sante tankou yon lopital, yon mezon retrèt, oswa yon etablisman ijjèn mantal Eta New York la bay lisans. Pèsònèl Ijans (Emergency personnel, EMS) yo dwe respekte Lòd DNR lè w nan Lopital ou a pandan transfè a. Men, si ou pa nan okenn nan etablisman sa yo, lakay ou, pa egzanp, ou ka vle jwenn yon Lòd DNR lè w pa nan Lopital. Ou dwe anrejistre lòd DNR lè w pa nan Lopital ou a sou yon fòm espesifik eta a [DOH-3474] epi yon doktè dwe siyen I.

Bay Konsantman pou yon Lòd DNR

Si ou gen kapasite pou pran desizyon pou tèt ou, ou ka bay konsantman w pou yon Lòd DNR vèbalman oswa alekri. Si ou pa gen kapasite pou pran desizyon pou tèt ou, ajan swen sante w la ka bay konsantman pou ou.

Lis Verifikasiyon pou yon Lòd DNR lè w nan Lopital ki Valab:

- Ou menm, ajan swen sante w la oswa yon ranplasan ka bay konsantman alekri oswa vèbal pou lòd DNR lè w nan Lopital ou a.
- De (2) granmoun dwe temwen konsantman vèbal la, youn nan yo dwe yon doktè nan etablisman kote yo resevwa w la.
- De (2) granmoun dwe siyen konsantman alekri a.
- Doktè w la ka bay lòd DNR ou a. Eta New York la pa egzije pou yo anrejistre konsantman alekri oswa vèbal ou a sou yon fòm leta. Etablisman yo ka itilize pwòp fòm pa yo oswa fòm MOLST leta espesifye a.

Lis Verifikasyon pou yon Lòd DNR lè w pa nan Lopital ki Valab:

- Ou menm, ajan swen sante w la oswa yon ranplasan ka bay konsantman alekri oswa vèbal pou Lòd DNR lè w pa nan Lopital ou a.6
- Si w ap resevwa Lòd DNR ou a anvan egzeyat, yo ka bay doktè k ap trete w la oswa de (2) temwen granmoun yon konsantman vèbal, youn nan yo dwe yon doktè nan etablisman kote yo resevwa w la.
- Si w pa nan lopital la, lakay ou, pa egzanp, I ap sifi pou w sèlman bay doktè k ap trete w la konsantman vèbal.
- Si w ap bay konsantman alekri, de (2) temwen granmoun dwe siyen li.
- Yo dwe anrejistre konsantman alekri oswa vèbal la sou Fòm DOH3474 Eta New York la epi doktè w la dwe siyen li. Fòm yo disponib sou health.ny.gov/professionals/patients/patient_rights

Òdonans Medikal pou Tretman ki Sipòte Lavi (Medical Orders For Life-Sustaining Treatment, MOLST).

Departman Sante Eta New York la apwouve fòm Òdonans Medikal pou Tretman ki Sipòte Lavi (Medical Orders for Life-Sustaining Treatment, MOLST). Fòm sa a pèmèt doktè yo anrejistre preferans ou konsènan reyanimasyon kadyopilmonè (cardiopulmonary resuscitation, CPR), entèvansyon mekanik, ak lòt tretman ki sipòte lavi sou yon sèl fòm kòm yon òdonans doktè. Se yon pwofesyonèl swen sante ki dwe ranpli MOLST epi se yon doktè ki gen lisans Eta New York la ki dwe siyen li pou li valab.

Yon fòm MOLST ki valab sèvi kòm yon “Fòm Òdonans Doktè” epi yo ka transfere li avèk ou soti nan yon etablisman swen sante pou ale nan yon lòt. Yon echantyon fòm MOLST disponib sou health.ny.gov/forms/doh-5003.pdf.

Sonje byen, byenke fòmilè MOLST la ka ede santralize volonte w lè ou prêt pou mourir epi rezime Direktiv Alavans ou yo, li pa fèt pou ranplase fòm Pwokirasyon Swen Sante ak/oswa Testman Lavi ou. MOLST tradwi preferans tretman medikal aktyèl ou kòm òdonans doktè, alòske Pwokirasyon Swen Sante w ak/oswa Testaman Lavi w gide swen medikal pi devan yo.

Fè yo Konnen Direktiv Alavans ou yo

Pwokirasyon Swen Sante ak Testaman Lavi

Apre w fin siyen Pwokirasyon Swen Sante w la oswa Testaman Lavi w la, swiv konsèy sa yo:

- Fè plizyè fotokopi fòm ou fin ranpli yo.
- Konsève orijinal yo nan yon kote ki an sekirite men ki aksesib (pa yon kòfrefò). Bay ajan swen sante w la, lòt ajan w lan, avoka w la oswa lòt konseye w la, manm fanmi pwòch ou, doktè, ak nenpòt lòt moun ou chwazi pou w patisipe nan swen sante w kopi yo.
- Dapre Iwa New York, nenpòt doktè ki resevwa yon fòm Pwokirasyon Swen Sante dwe fè aranjman pou li mete yon kopi fòm lan nan dosye medikal ou.
- Anvizaje pote sou ou yon kat bous ki bay enfòmasyon sou egzistans ak kote Pwokirasyon Swen Sante w la oswa yon Testaman Lavi lokalize.

Lòd DNR

Yo anrejistre yon Lòd DNR lè w nan Lopital nan dosye medikal ou. Yo dwe anrejistre yon Lòd DNR lè w pa nan Lopital sou yon fòm espesifik eta a. Epitou ou ka anvizaje pou w jwenn yon Braslè DNR.

Pou aprann plis sou DNR yo, fòm DOH-3474 oswa yon braslè DNR, ale sou:

health.ny.gov/professionals/ems/policy/11-02.htm oswa biwo lokal DOH EMS oswa depatman sante w.

Pou wè yon kopi fòm DOH-3474 ale sou:

health.ny.gov/forms/doh-3474.pdf

Si W Pa Gen yon Direktiv Alavans

Si ou pèdi kapasite pou pran desizyon konsènan tretman medikal ou, epi ou pa t nonmen yon ajan swen sante, yon moun ki pwòch ou ka pran desizyon pou ou. Nan lane 2010, Lejislati New York la te adopte Lwa sou Desizyon Swen Sante Familyal (Family Health Care Decisions Act, FHCDA),7 ki pèmèt manm fanmi yo ak lòt moun ki pwòch ou pran desizyon konsènan tretman medikal an akò ak volonte w oswa, si yo pa konnen volonte w, sa ki pi entèrese w. Y ap otorize moun k ap pran desizyon “ranplasan” an òdone pou retire tretman ki sipòte lavi a (ki gen ladan I konsantman pou yon lòd DNR).

Pi bon fason pou asire yo satisfè volonte espesifik ou yo se chwazi yon Pwokirasyon Swen Sante epi ranpli yon Testaman Lavi jan sa dekri nan bwochi sa a. Sinon, ou p ap kapab kontwole fason w resevwa swen pandan w pa kapab pran yon desizyon.

Deziyasyon yon Ranplasan.

Si yo deklare ou pa kapab pou pran desizyon medikal epi ou pa gen yon pwoiurasyon swen sante, FHCDA prevwa deziyasyon yon moun k ap pran desizyon “ranplasan” pou pran desizyon medikal pou ou jan lalwa New York la mande sa.

Lalwa tabli yon lis priyорite pa kategori moun ki ka aji kòm moun k ap pran desizyon ranplasan pou moun ki gen andikap la. Ranplasan an ka, nan lòd priyорite, responsab legal tribunal la nonmen an, mari oswa madanm, timoun (18 lane oswa plis), paran, frè ak sè (18 lane oswa plis), oswa zanmi pwòch.⁸ Moun sa a kapab deziyen yon moun ki gen mwens priyорite kòm ranplasan an tou, sipoze pa gen moun ki gen pi gwo priyорite ki ka jwe wòl la. Pa egzanp, si ou pa gen yon responsab legal Atik 81 epi mari oswa madanm ou pa vle sèvi, pitit majè w la ki vle a ap ranplasan ou. Pitit majè w la ka nonmen paran ki vle w la kòm ranplasan tou.

Braslè DNR

Ou ka mete yon braslè DNR sèlman si yo te ba ou yon Lòd DNR lè w pa nan Lopital ki valab lè yo sèvi ak fòm DOH3474 la. Lalwa egzije pèsonèl medikal dijans ki wè yon braslè DNR estanda sou ou pou yo konfòme yo ak Òdonans lan.

Desizyon yon Ranplasan Ka Pran

Ranplasan an gen otorite pou l pran tout desizyon sou swen sante pasyan an ta ka pran anvan li vin gen andikap la.⁹ Ranplasan an oblige suiv kwayans relije oswa moral yo, si li konnen yo. Si l pa konnen kwayans sa yo, ranplasan an dwe pran desizyon k ap nan enterè pasyan an.¹⁰

Ranplasan yo gen dwa pou yo gen aksè ak dosye medikal ou yo pou yo ka pran desizyon pou ou. Epitou yo ka chèche jwenn enfòmasyon nan men doktè w la sou kondisyon w ak opsyon tretman pou pran desizyon medikal ki pi eklere yo.¹¹

Desizyon pou Retire Tretman Ki Sipòte Lavi

Si w te pran desizyon pou w retire tretman ki sipòte lavi anvan w gen andikap la, doktè w la pa bezwen chèche pèmisyon oswa konesans ranplasan an anvan l suiv lòd sa yo. Si doktè w la te swiv lòd sa yo anvan w te nonmen ranplasan w lan, li jis bezwen dokimante aksyon an nan dosye medikal ou. Si doktè w la gen entansyon swiv desizyon sa a apre nominasyon yon ranplasan, doktè w la ka swiv lòd sa a san pèmisyon ranplasan an, men li dwe enfòme oswa eseye enfòme ranplasan an sou desizyon an.¹²

Lwa a asire yo p ap refize oswa retire san konsiderasyon serye tretman pou sipòte lavi a. Pa egzanp, dwe gen yon konklizyon ki di tretman an ta yon gwo chay pou ou epi yon doktè tretan, ak yon lòt doktè, dwe dakò nan yon degré sètitid medikal rezonab. Lòt kondisyon yo gen ladan yo, jwenn ou gen yon maladi oswa blesi ki ka lakkòz lanmò nan lespas sis (6) mwa, kit yo bay tretman oswa yo pa bay; oswa pa gen konesans an pèmanans; oswa tretman sa a ta bay yon doulè ak soufrans kote yo ta ka konsidere li yon fason rezonab kòm yon bagay ki pa pou moun oswa yon gwo fado epi ou gen yon kondisyon irevèsb oswa ki pa ka geri.

Objeksyon Pasyan an

Antanke pasyan an, ou ka fè objeksyon sou:

- Detèminasyon andikap ou;
- Chwa ranplasan an; epi
- Desizyon swen sante ranplasan w la pran.

Nan ka kote ou pa dakò ak nenpòt nan detèminasyon sa yo, doktè w la pral swiv detèminasyon ou yo. Sepandan, si yon tribunal detèmine ou pa gen kapasite epi (si sa aplikab) otorize desizyon tretman an, ou pa kapab pase sou desizyon sa yo.

Anplis de sa, si gen kèk lòt baz legal pou anile desizyon w yo, w ap fè fas ak chwa ranplasan w lan fè yo.

“

Si yo pa konnen volonte ak kwayans Pasyan an, ranplasan an dwe pran desizyon k ap nan pi bon enterè pasyan an

Dapre FHCDA, enterè sa yo pran an kont “konsiderasyon diyite ak jan chak moun inik; posiblite ak limit pou konsève lavi pasyan an; prezèvasyon, amelyorasyon oswa restorasyon sante oswa fonksyonman pasyan an; soulajman soufrans pasyan an; ak nenpòt pwoblèm medikal ak lòt enkyetid ak valè yon moun rezonab ki nan sitiyasyon pasyan an ta vle konsidere.”

Diferans ki genyen ant yon Pwokirasyon Swen Sante ak yon Ranplasan

Gen diferans enpòtan ant yon pwokirasyon swen sante ak yon ranplasan. Ou ta dwe ak anpil atansyon konsidere diferans ki genyen epi panse pou nonmen yon pwokirasyon swen sante olye pou pèmèt yo deziyen yon ranplasan.

	Health Care Proxy	Surrogate
Ki moun ki nonmen yo?	Ou menm — atravè yon fòm Pwokirasyon Swen Sante ki byen ranpli	Lwa sou Desizyon Medikal Familyal etabli kiyès ki ka aji kòm yon ranplasan
Ki moun ki ka sèvi?	Nenpòt moun ki gen plis pase 18 lane	Nan lòd priyorite: Atik 81 responsab legal yo, mari oswa madanm, timoun (ki gen plis pase 18 lane), paran, frè ak sè (plis pase 18 lane), oswa zanmi pwòch
Ki lè yo pran desizyon?	Lè ou pèdi kapasite	Lè ou pèdi kapasite
Ki lè yo sispann pran desizyon?	Lè ou reprann kapasite, lè randevou a ekspire, oswa nan sèten kondisyon espesifik, jan sa ekri nan fòm Pwokirasyon Swen Sante a.	Lè ou reprann kapasite
Ki desizyon yo ka pran?	Nenpòt desizyon oswa sa ki espesifye nan fòm Pwokirasyon an oswa Testaman Lavi a	Nenpòt desizyon
Èske gen limit?	Ou kapab presize sèten imitasyon nan fòm Pwokirasyon an	Ranplasan yo ka sèlman pran desizyon ki baze sou kwayans reliye oswa moral ou, oswa nan absans sa yo, sa k pi bon pou ou.

Anile Direktiv Alavans ou yo

Yon direktiv alavans rete anvigè pou tout tan, sof si ou anile li, mete yon dat ekspirasyon, oswa dekri sikonstans ki deklanche eksipirasyon an. Ou ka chanje oswa anile direktiv alavans ou yo nenpòt ki lè. Li enpòtan pou revize fòmilè ou te siyen yo detanzantan pou asire w yo eksprime volonte w sou swen sante aktyèl yo.

- Ou ka anile Pwokirasyon Swen Sante w la lè w fè — ajan swen sante w, doktè w oswa lòt moun ki gen kopi yo — konnen oralman oswa alekri.
- Ou ka anile nominasyon ajan ki sou Pwokirasyon Swen Sante w la nenpòt ki lè epi nonmen yon lòt ajan nan yon nouvo pwokirasyon.
- Si mari oswa madanm ou se ajan swen sante ou nonmen an, Pwokirasyon Swen Sante w la otomatikman anile lè n divòse.
- Ou ka anile Testaman Lavi ou a nenpòt ki lè lè w detwi dokiman an. Ou pa oblige avèti pèsonn anvan ou anile li, men li ta bon pou enfòme moun ki konnen egzistans li pou di ou te anile li.

Anilasyon DNR ou a

An jeneral, oumenm oswa ajan swen sante w la kapab anile yon Lòd DNR nenpòt ki lè nan nenpòt fason ki fè konnen volonte w. Sa a ka gen ladan sa ki annapre yo:

- Deklarasyon oral oswa alekri ou fè bay yon doktè oswa yon enfimyè.
- Aksyon ou ki montre yon entansyon pou anile konsantman w, tankou:
- Detwi dokiman ki fè referans ak Lòd DNR la.
- Retire nenpòt braslè oswa meday ki endike estati DNR ou.
- Di sekouris dijans aloral yo pou yo pa okipe lòd la.

Sepandan, yon ranplasan ka anile Lòd DNR ou sèlman nan:

- Yon deklarasyon aloral ou fè bay doktè k ap trete w la an prezans yon temwen granmoun; oswa
- Deklarasyon alekri ou fè bay yon doktè oswa yon enfimyè.

Nenpòt doktè yo enfòme sou anilasyon yon Lòd DNR dwe imedyatman anrejistre anilasyon an nan dosye ou epi enfòme anplwaye ki responsab pou swen w lan. Nenpòt enfimyè oswa lòt pwofesyonèl yo enfòme sou anilasyon DNR la dwe imedyatman enfòme doktè a.

Pwoblèm Espesyal Kijan yo Detèmine Andikap

Anjeneral, yo sipoze yon pasyan granmoun gen kapasite pou pran desizyon medikal. Sa vle di w ap pran pwòp desizyon w sou swen sante w jiskaske doktè w la detèmine, nan yon sèten degré medikal ki rezonab, ou pa kapab pran desizyon medikal. Se yon doktè tretan ki dwe fè premye detèminasyon an,

epi li dwe gen ladan enfòmasyon sou “kòz ak limit andikap pasyan an ak chans pou pasyan an reprann kapasite pou pran desizyon.” Nan sèten sikonstans, New York egzije yon detèminasyon pataje pou deklare yon pasyan pa kapab pran desizyon sou zafè swen sante; yon pwofesyonèl swen sante oswa yon travayè sosyal ki afilye ak lopital la oswa sant enfimyè ka pran detèminasyon pataje nan plas yon doktè. Kantite detèminasyon yo pral depann de kote ou ye kòm pasyan ak ki swen ki nesesè.

Nan Ka Maladi Mantal oswa Andikap

Byenke nenpòt pwoblèm ka lakòz andikap, New York tabli kondisyon espesifik pou detèmine andikap maladi mantal oswa andikap devlopman lakòz. Se yon doktè ki kalifye pou travay avèk popilasyon sa yo ki dwe fè premye detèminasyon sa yo, epi yon doktè tretan òdinè pa ka fè yo. Sa a asire yo pa retire initilman dwa moun ki gen andikap mantal yo pou yo pran desizyon medikal pou tèt yo. Si ou gen yon maladi mantal oswa andikap, yo p ap otomatikman deklare ou pa kapab pran pwòp desezyon medikal ou.

Kijan yo Detèmine Andikap

Doulè san soulajman ka gen yon efè pwofon sou byennèt fizik ak mantal ou. Nan New York, doktè yo gen yon obligasyon etik, moral, ak legal pou trete doulè yon fason ki pi efikas ki posib. Epitou, lopital, mezon retrèt, plan sante ak ajans swen nan kay Komisyon Konjwen an (ansyen Komisyon Konjwen sou Akreditasyon Òganizasyon Swen Sante yo oswa JCAHO) akredite oblige etabli pwosedi pou sipòte preskripsyon apwopriye oswa kòmande medikaman pou doulè ki efikas. Ou ta dwe asire w doktè w la byen enfòme sou nivo doulè ou epi li konprann volonte ou pou resevwa bon janjesyon doulè. Eksprime nati ak entansite doulè w la bay doktè ou a pou li ka evalye ak abòde bezwen ou yo kòmsadwa.

Asire w Testaman Lavi oswa Pwokirasyon Swen Sante ou fè konnen klèman volonte w konsènan jesyon doulè. Pa egzanp, ou ka vle di si wi ou non ou vle medikaman pou soulaje doulè menm si li redwi sou lavi ou.

Swen Ospis

Ospis se yon pwogram swen ki konsantre sou bay swen konplè pou moun ki gen maladi ki nan faz tèminal ak fanmi yo.

Pwogram nan bay swen palyatif ak sipò pou satisfè bezwen espesyal ki soti nan estrès fizik, mantal, espirityèl, sosyal ak ekonomik moun fè fas ak yo pandan dènye etap maladi, mouri ak dèy. Pwogram swen ospis yo reglemente anba lwa federal ak leta.¹⁷

Nan Eta New York, gen anviwon senkant (50) pwogram swen ospis leta sètifye. Ou menm oswa ajan swen sante w la ka endike yon preferans pou yon pwogram ospis alavans pou satisfè bezwen ou yo.

Enfòmasyon sou Ospis

Pou jwenn enfòmasyon sou founisè ak avantaj ospis oswa pou depoze yon plent kont yon pwofesonèl swen ospis rele Depatman Sante Eta New York la:

1-800-628-5972

***oswa konsilte sit entènèt yo a:
health.ny.gov/facilities/hospice***

Men kèk faktè pou konsidere sou swen ospis:

- Anjeneral asirans tankou Medicare, Medicaid, ak plan asirans sante komèsyal yo kouvri sèvis swen ospis pwogram leta sètifye yo ofri.
- Anjeneral, swen ospis se yon avantaj ki kouvri si w gen yon maladi ki nan faz tèminal kote gen 6 mwa oswa mwens pou viv epi yon doktè sètifye pou di swen ospis apwopriye.
- Nan New York, ou ka chwazi pou resevwa swen ospis nan anviwònman ou chwazi tankou lakay ou, nan yon lopital, oswa mezon retrèt.
- Dapre lwa federal ak lwa eta a, se yon ekip ki kowòdone ki dwe bay swen ospis yo, ekip sa a ka gen ladan doktè w la, direktè medikal ospis la, en-fimyè ki gen lisans, èd swanyan nan kay ki sètifye, travayè sosyal ki gen lisans, konseye pastoral, konseye nan zafè dèy, moun ki fè terapi reyabilisyon ak volontè ki bay sipò ak difikilte lavi chak jou.

Swen Palyatif: Dwa Pou Yo Enfòme Ou

Etablisman New York yo, tankou lopital ak mezon retrèt yo dwe enfòme w anvan yo resevwa ou pou konnen si y ap kapab respekte oswa pa respekte desizyon ou te pran konsènan direktiv avanse ou yo. Si ou déjà resevwa ou, yo oblige transfere ou nan yon etablisman k ap fè l.18

Li enpòtan pou w genyen oswa konprann enfòmasyon konsènan sante w ak swen medikal ou lè w ap planifye swen sante w alavans. Lwa sou Enfòmasyon sou Swen Palyatif New York la (PCIA),¹⁹ ki te vin an vigè nan mwa Fevriye 2011, te adopte pou asire pasyan yo jwenn yon enfòmasyon total sou opsyon ki disponib pou yo lè yo gen yon maladi ki nan faz tèminal oswa lè yo gen “kondisyon oswa maladi ki limite lavi yo”.

Lwa a mande pou doktè tretan swen sante pasyan an ofri bay pasyan an enfòmasyon ak konsèy konsènan swen palyatif ak opsyon lè li prêt pou mourir. Kote pasyan an pa gen kapasite pou pran desizyon medikal, lè sa a yo bay moun ki gen otorite pou pran desizyon sou swen sante a enfòmasyon ak konsèy yo.

Lwa sou Aksè Swen Palyatif New York (Palliative Care Access Act, PCAA), ki an vigè depi Septanm 2011, baze sou PCIA pou egzije etablisman swen sante yo, ajans swen nan kay yo, rezidans ki gen asistans yo, ak pratik endividiyèl yo pou yo ofri enfòmasyon ak konsèy

ki gen rapò ak swen nan fen lavi ak pou ede pasyan yo gen aksè ak konsiltasyon ak sèvis swen palyatif apwopriye.

Donasyon Ògàn

Nan New York, nenpòt moun ki gen 18 lane oswa plis, ki kapab pran desizyon, ka bay nenpòt lopital, chirijyen, doktè, lekòl medsin akredite, antrepo, moun espesifik oswa òganizasyon apwovizyonman ògàn nenpòt oswa tout pati nan kò yo apre lanmò yo. Lwa New York la entèdi pou bay ògàn pou lajan oswa nenpòt lòt konsiderasyon.

Ou ka chwazi ranpli yon Fòm Donatè Ògàn/Tisi oswa presize volonte w ki gen rapò ak don ògàn nan Pwokirasyon Swen Sante w la oswa Testaman Lavi w la. Si w pa presize volonte w, sepandan, yo pa dwe entèprete lòkòm si lòkòm te vle di ou te swete pa fè yon don. Ajan w lan otorize pou lòkòm bay konsantman pou don ògàn/tisi, sof si li gen yon avi ki opoze kont sa, oswa rezon pou lòkòm kwè don an kontré ak kwayans relije oswa moral ou.

Pou wenskri nan Rejis Donatè Ògàn ak Tisi Eta New York la, ou ka mande pou yo voye yon fòm enskripsyon ba ou nan lapòs lè w rele (800) 443-8469 oswa enskri anliy nan Donate Life Registry lè w ale sou donatelife.ny.gov.

Ou ka enskri nan Depatman Veyikil Amotè Eta New York la (NYS Department of Motor Vehicles) oswa nan Konsèy Eleksyon an (Board of Elections). W ap enskri otomatikman si w kwoche kare donatè ògàn ki sou lisans chofè w la oswa aplikasyon pou kat idantifikasyon ki pa pou chofè w la (ID) oswa fòm renouvèlman an.

You may also enroll at the NYS Department of Motor Vehicles or at the Board of Elections. You will be enrolled automatically if you check the organ donor box on your driver's license or non-driver identification (ID) card application or renewal form.

Nan New York, nenpòt moun ki gen 18 lane oswa plis, ka fè don nenpòt oswa tout pati nan kò yo apre lanmò nan nenpòt lopital, chirijyen, doktè, lekòl medikal akredite, antrepo, moun espesifik oswa òganizasyon

Pwokirasyon

Kijan yo Detèmine Andikap

Dapre Iwa Eta New York la, ou ka deziyen yon moun pou pran desizyon sou pwopriyete, finansye ak lòt desizyon legal ki pa sou swen sante nan non w atravè yon “Pwokirasyon.”

A Pwokirasyon Dirab pèmèt ou, Prensipal la, nonmen yon Ajan pou aji pou ou imedyatman aprè egzekite li oswa lè yon evènman ou te idantifye pi devan rive epi ki dire jiska ou anile li oswa lè ou mouri; pouvwa sa a kontinye lè w gen andikap mantal oswa fizik.

Ou ka itilize Pwokirasyon an pou bay yon Ajan nenpòt ak tout pouvwa legal sa yo: achte oswa vann byen imobilye ou; jere pwopriyete w la; fè tranzaksyon labank ou envesti oswa pa envesti lajan ou; fè reklamasyon legal epi pote plent nan non w; epi jere zafè taks ak retrèt ou.

Yo souvan itilize Pwokirasyon pou planifye andikap pi devan ak pèt konpetans, pa egzanp, maladi Alzaymè oswa yon aksidan katastwofik lakòz.

Li enpòtan pou w konnen Iwa sou Pwokirasyon Swen Sante New York la espesyalman egzije pou w ranpli yon fòm Pwokirasyon Swen Sante pou nonmen ajan swen sante w la. Kidonk, ou pa kapab konbine Pwokirasyon Swen Sante w la ak Pwokirasyon w lan. Ajan ou nonmen nan Pwokirasyon w lan kapab, men li pa nesesè, moun ki se Ajan Swen Sante nan Pwokirasyon Swen Sante w la.

Konklizyon

Pwen pou w Sonje:

- Desizyon ou pou aksepte oswa rejte tretman medikal yo, ki gen ladan pwosedi ki sipòte lavi, finalman depann de volonte pèsonèl ou, valè ak kwayans ou.
- Direktiv Alavans yo ka ede w asire w yo respekte volonte w pou swen sante si w pa kapab pran desizyon pou tèt ou.
- Direktiv Alavans yo se pou tout moun, pa sèlman pou gramoun aje yo ak malad kwonik yo.
- Fòm Direktiv Alavans yo gratis.
- Yo ka anile Direktiv Alavans yo nenpòt ki lè.
- Direktiv Alavans yo mache pi byen lè yo akonpaye yo ak diskisyon ansanm ak fanmi w epi pwòch ou yo sou valè pèsonèl ak kwayans ou. Ou ka vle pale ak yon reprezantan pasyan tou (si ou nan lopital la), doktè ou oswa avoka ou.

Nòt Final

1 Nan Rivers v. Katz, 62 N.Y.2d 485, 504 N.Y.S.2d 74, 78 (1986), tribunal la te Rekonèt dwa komen pou refize tretman an ansanm ak enterè libète pasyan an ki pwoteje dapre kloz pwosedi regilye Konstitisyon Eta New York la.

2 Lwa sou Sante Piblik New York la, Atik 29-C. Gade jeneralman, Gwoup Travay Eta New York sou Lavi ak LaLwa, Tretman pou Sipòte Lavi: Pran Desizyon ak Nonmen yon Ajan Swen Sante (1987) (bay Lwa sou Pwokirasyon Swen Sante New York la kontèks sosyal, etik, ak legal); gade Depatman Sante Eta New York la, Lwa sou Pwokirasyon Swen Sante: Yon Gid pou Pwofesyonèl Swen Sante (1991).

3 Lwa sou Sante Piblik New York la § 2991 mande pou lopital ak lòt etablisman swen sante yo bay pasyan yo yon fòm Pwokirasyon Swen Sante ak enfòmasyon sou kijan pou kreye yon pwokirasyon. Anplis, Lwa Federal Ki Bay Pasyan Yo Dwa Pou Pran Desizyon Sou Sante Yo egzije etablisman swen sante yo pou yo enfòme pasyan yo sou dwa yo dapre lwa eta a pou kreye direktiv alavans. Gade 42 U.S.C.

1395cc(f).

4 Matter of O'Connor, 72 N.Y.2d 517, 531 N.E.2d 886 (1988).

5 Lwa sou Sante Piblik New York la, Atik 29-B. 6 Lwa sou Sante Piblik New York la §§ 2960, 2965, 29662966 ak Konpilasyon Kòd, Règ ak Règleman, Tit 10 § 405.43 (F) (1)(i) fasilite kapasite ranplasan yo pou yo bay konsantman yo pou Òdonans DNR pou pasyan ki nan anviwònman ospis ak swen nan kay.

7 Chapit 8 Lwa 2010 yo amande Lwa sou Sante Piblik New York la pou kreye Atik 29-CC

(yo rele Lwa sou Desizyon Swen Sante Familyal).

8 Lwa sou Sante Piblik New York la § 2994-d(l).

9 Lwa sou Sante Piblik New York la § 2994-d(3)(a)(i).

10 Lwa sou Sante Piblik New York la § 2994-d(4)(a).

11 Lwa sou Sante Piblik New York la § 2994-d(3)(c).

12 Lwa sou Sante Piblik New York la § 2994-d(3)(a)(ii).

13 Lwa sou Sante Piblik New York la § 2994-d(5). 14 Lwa sou Sante Piblik New York la § 2994-c(6). 15 Lwa sou Sante Piblik New York la § 2994-c.

16 Lwa sou Sante Piblik New York la, Atik 29-B.

17 Gade 42 CFR § 418.3 ak 10 NYCRR § 700.2.

18 Lwa sou Sante Piblik New York la § 2991 mande pou lopital ak lòt etablisman swen sante yo bay pasyan yo yon fòm Pwokirasyon Swen Sante ak enfòmasyon sou kijan pou kreye yon pwokirasyon. Anplis, Lwa Federal Ki Bay Pasyan Yo Dwa Pou Pran Desizyon Sou Sante Yo egzije etablisman swen sante yo pou yo enfòme pasyan yo sou dwa yo dapre lwa eta a pou kreye direktiv alavans. Gade 42 U.S.C. § 1395cc(f) (2010).

19 Chapit 331 nan Lwa 2010 yo (yo rele Lwa sou Enfòmasyon sou Swen Palyatif), amande

Lwa sou Sante Piblik New York la nan ajoute § 2997-c.

20 Chapit 59 nan Lwa 2011 yo (yo rele Lwa sou Aksè pou Swen Palyatif), amande Lwa sou Sante Piblik New York la nan ajoute § 2997-d.



Biwo Pwokirè Jeneral New York la

Letitia James

ag.ny.gov